

POU FÈ KÈ W  
**KONTAN**

John Piper

Desiring God  
Minneapolis, Minnesota

FOR YOUR JOY

Published by Desiring God

© 2005, 2009 Desiring God

International Standard Book Number: 0-9773286-0-0

All scripture quotations are taken from:

*The Holy Bible: English Standard Version*, copyright © 2001 by Crossway Bibles, a division of Good News Publishers. Used by permission. All rights reserved.

Selections from *50 Reasons Why Jesus Came to Die* by John Piper, © 2004, used by permission of Crossway Books, a publishing ministry of Good News Publishers, Wheaton, IL 60187, [www.crossway.com](http://www.crossway.com).

# TAB MATYÈ

Entwodiksyon . . . . .	5
Poukisa Jezi te dwe mouri ? . . . . .	9
Ki jan Bondye fè renmen m? . . . . .	13
Kisa ki ka rive si mwen pa renmen Bondye ? . . . . .	17
Kòman mwen ka renmen yon Bondye ki kite tout mal sa yo rive ? . . . . .	21
Poukisa se sou Bondye tout bagay santre? . . . . .	27
Kisa tout bagay sa yo vle di pou mwen?.	33
Ki sa mwen dwe fè ? . . . . .	39
Liv nou rekòmande w pou li . . . . .	42
Konsènan « Desiring God » . . . . .	45
Enfòmasyon sou zafè ti kontribisyon an .	47
Enfòmasyon sou otè liv la. . . . .	48



# ENTWODIKSYON

**SA** fè anviwon 2 mil lane, Jezi ak zanmi li yo t ap fè yon ti koze konsènan sa pèp la ap di de Li. “Ki moun yo di Mwen ye, moun Bondye voye nan lachè-a?” Li mande yo. Yo ba Li yon lis de sa yo tande pèp la ap di. Men Jezi vire kesyon an sou yo menm. Li pa mande yo infòmasyon ankò sou sa moun di, min sou sa yo kwè yo menm. Li fikse je L nan grenn je yo epi li mande yo, “Bon nou menm, Ki moun nou di Mwen ye?”

Li fasil pou yon moun repete sa lòt moun di. Men gen yon moman ki rive kote nou dwe reponn kesyon sa a selon nou menm menm. Ki sa nou di Jezi ye?

Repons moun toujou bay konsènan kesyon sa a se: « Jezi te yon gwo pwofesè moral, yon pwofesè ekzanplè, yon saj san parèy. » C. S Lewis, yon sitwayen Anglè ki ekri yon liv ki pote non *The Lion, the Witch, and the Wardrobe*, ensiste ke tit sa yo desann valè Kris la.

M ap eseye anpeche moun repete bagay san sans sa a ke lòt moun konn di. Gen moun ki konn di: “Mwen prè pou m aksepte Jezi kòm yon gran pwofesè moral, men mwen pap aksepte L kòm Bondye.”

Se yon bagay ki pa dwe janm soti nan bouch nou. You moun ki te yon nonm òdinè epi ki di jan de bagay Jezi di paka yon profesè moral sèlman. Se swa li se you moun fou nan dènye nivo, oubyen li te yon Dyab. Ou dwe fè yon chwa. Se swa Jezi se pitit Bondye, oubyen li se you moun tèt li trouble, ou byen Li se yon bagay pi mal pase sa. Ou ka fè l fèmen bouch Li kòm you moun sòt, ou ka krache nan figi L, ou ka touye L tankou you moun ki gen demon nan tèt Li, oubyen ou ka mete jenou atè devan pye Li epi rele L Seyè e Bondye. Men sispann repete bann bagay san sans ki montre ke Li te yon gran pwofesè. Jezi pat bay posiblite pou moun ap devine sou kilès Li ye. Sa se pat entanzyon L.

Kesyon sa a “kilès ou di ke Li ye?” se kesyon ki pi enpòtan pou w poze epi pou reponn tou. Nan liv sa a, John Piper reponn kèk nan kesyon ki pi enpòtan

konsènan Jezi : Kilès Li ye, poukisa Li te vini, kisa Li akonpli, epi poukisa nou dwe konnen bagay sa a yo.

Si ou konn poze tèt ou menm kesyon sa yo, e si w ap chache repons ki pa baze sou pwòp panse epi teyori pa w, men w ap chache repons ki baze sou pawòl Bondye – N ap envite w li ti liv sa.

“Pou Fè Kè w Kontan”.





# POUKISA JEZI TE DWE MOURI?

*Se Li menm, Jezikri, Bondye te bay tankou bèt pou touye. Li bay san Li pou tout moun ki mete konfyans yo nan Li ka resevwa padon pou peche yo. Bondye te vle moutre nou ki jan Li fè moun gras. Nan tan lontan, Bondye te pran pasyans, Li te fèmen je L sou peche moun te fè. - Ròm 3 : 25*

*Men kisa renmen an ye: Se pa nou menm ki te renmen Bondye, se Li menm pito ki te renmen nou, ki te voye Pitit Li a pou nou te ka resevwa padon pou peche nou yo, gremesi Pitit la. - 1 Jan 4 : 10*

*Kris la delivre nou anba madichon lakwa lè Li te pran madichon an nan plas nou. Se konsa sa te ekri nan Liv la: Madichon pou moun yo pandye sou bwa a. - Galasi 3 : 13*

**Si** Bondye pat yon Dye ki jis, pa tap gen nesesite pou Jezi te soufri epi mouri. E si Bondye pat yon Dye damou, Pitit Li a pa tap manifeste okenn volonte pou Li ta soufri, epi mouri. Men Bondye se yon Dye ki jis, epi Li se lanmou tou. Se sa ki fè lanmou Li manifeste volontèman pou satisfè demand jistis Li.

La lwa Li mande : “Se pou nou renmen Seyè a, Bondye nou an, ak tout kè nou, ak tout nanm nou, ak tout fòs nou”(Detewonòm 6 : 5). Men nou tout, nou renmen lòt bagay plis pase Bondye. Se sa menm ki rele peche a. Nou dezonore Bondye lè nou pito lòt bagay pase L epi fè sa nou pi pito. Donk, Bib La di “Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a” (Ròm 3 : 23). Sa nou renmen plis la se li ki jwenn glwa nan men nou, se pa Bondye.

Donk, peche pa piti, paske se pa peche kont you ti souvren. Rezon ki fè peche pa janm piti, se paske ou pa peche kont yon ti souvren. Gravite peche a depann de valè pèsonaj ou ofanse a genyen nan je ou. Sila a ki kreye linivè a merite respè, admirasyon e lonè ki san limit. Donk, si ou pa renmen Bondye sa a se pa yon bagay piti

ke ou fè; se yon trayizon. Sa devalorize Bondye epi sa detwi la jwa nou.

Dèske Bondye se yon Dye ki jis, Li paka fè kòm si li pa wè peche nou fè yo. Kòlè Bondye monte kont peche sa yo. Bondye mete li klè, ke lemond merite tonbe anba chatiman Li. “Salè peche se lanmò” (Ròm 6:23). “Moun ki fè peche a se li menm kap mouri (Ezekyèl 18: 4).

Gen yon malediksyon ki pann sou tèt tout pechè yo. Si Bondye pa ta pini peche nou fè yo li tap enjis. Bondye tap avili tèt Li. Manti tap renye nan kè reyalite a. Donk Bondye di “Madichon pou tout moun ki pa fè tou sa ki ekri nan Liv lalwa a” (Galat 3: 10; Detewonòm 27: 26).

Men lanmou Bondye pa danse ak zafè malediksyon sa a ki pann sou tèt tout limanite a. Menm si Bondye se yon Dye ki sen, men li pa pran plezi li nan ekzès kolè li pou fè wè ke li se yon Dye ki sen. Pase pou li ta fè sa, li pito voye pwòp Pitit Li pou anglouti oubyen absòbe kòlè a epi pote sou do li tout malediksyon pou tout moun ki kwè nan li. “Kris la delivre nou anba madichon lalwa lè li te pran madichon an nan plas nou” (Galat 3: 13).

Se sa mo “pwopiyasyon” an vle di, yon ranplasan ki elimine kolè Bondye ki te pann sou tèt lèzòm. Se Bondye ankò ki bay ranplasan an. Ranplasan sa a, Jesi Kris, pa sèlman anilé kolè Bondye; Li pran Kolè ki te pral tombe sou nou, li voye l sou Li. Kolè Bondye jis, Li pase kolè a sou Jezi, Li pat retire l.

Piga nou janm jwe ak Bondye oubyen minimize lanmou Li. Jezi sibi kòlè Bondye nan plas nou. Toutotan nou pa rive wè kòman zafè peche a se yon bagay ki grav, toutotan nou pa rive dakò ke nou merite kolè Bondye, nou pap janm konprann ki kantite lanmou Bondye gen pou nou. Men lè nou rive konprann epi dakò tou ke nou pa merite sa, lè sa a nou va gade soufrans ak lanmò Jezi epi na di : “Men ki sa renmen an ye: Se pa nou menm ki te renmen Bondye, se Li menm pito ki te renmen nou, ki te voye Pitit Li a pou nou te ka resevwa padon pou peche nou yo, gremesi Pitit la” (1 Jan 4: 10).

# KI JAN BONDYE FÈ RENMEN M?

*Gremesi Kris ki mouri pou nou an, nou delivre, nou resevwa padon pou peche nou yo; Bondye fè nou wè jan Li renmen nou anpil.*

**- Efèzyen 1: 7**

*Paske, Bondye si tèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit Li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li pap peri. Okontrè ya gen lavi ki pap janm fini an - **Jan 3:16***

*Se pa fasil pou ou jwenn yon moun aksepté mouri pou yon nonm ki gen rezon. Ou ta ka jwenn yonn konsa ki ta gen kouraj mouri pou yon nonm debyen. Sou pwèn sa a, Bondye moutre nou jan Li renmen nou anpil; paske nou tap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou. - **Women 5:7-8***

**KANTITE** Kantite lanmou Bondye genyen pou nou an manifeste nan de bagay. Youn se dènye degre sakrifis li fè pou l ka retire nou anba konsekans peche nou yo. Lòt la se dènye eta meprizab nou te ye lè li sove nou an. Gwosè sakrifis la ka eksprime nan mo sa yo: « Li bay sèl Pitit Li a » ( Jan 3: 16) ; nan mo sa yo nou jwenn non “Kris.” Non sa a soti nan lang Grèk Christos, oubyen ”wen” oubyen “ Mesi. “ Kris se yon mo ki senbolize diyite. Mesi ta dwe wa Izrayèl. Li ta dwe vini pou pran pouvwa sou Ròm epi pote lapè ak sekirite nan peyi Izrayèl. An rezime, moun sa a Bondye voye pou sove pechè yo, se pwòp Pitit Li menm, yon sèl la, se Li ki wen pou vinn wa Izrayèl la; epi wa lemond antye (Ezayi 9: 6, 7).

Lè nou ale pi lwen, lanmò sal sa a ke Jezi dakò sibi a rann li klè ke sakrifis Papa a ak Pitit la fè a ekstrèmman gran; sitou lè nou konsidere distans peche mete nou parapò ak Bondye. Men Li chwazi fè sakrifis sa a pou sove nou.

Kantite lanmou Bondye genyen pou nou ogmante plis toujou, si nou konsidere kòman nou pa vo anyen. ”Se pa fasil pou ou jwenn yon moun aksepte

mouri pou yon nonm ki gen rezon. Ou ta ka jwenn yonn konsa ki ta gen kouraj mouri pou yon nonm debyen. Sou pwen sa a, Bondye moutre nou jan Li renmen nou anpil; paske nou tap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou” (Women 5: 7, 8). Sa montre ke nou merite kondanasyon Bondye. Nou pa merite sakrifis Bondye.

Mwen tande moun k ap di “Jezi pat mouri pou krapo, donk li aji anvè nou selon valè nou genyen, antanke lòm”. Yon langaj konsa vire gras la tèt anba. Nou dwe konnen ke akòz peche nou, nou vinn pi mal pase bèt. Bèt yo pat janm peche. Bèt yo pa derespekte Bondye nan eta nou derespekte L la. Pa gen nesesite pou Jezi ta mouri pou krapo yo. Krapo yo pa mal pase sa. Salte nou fè a tèlman lèd, se yon sakrifis diven ki ka repara l.

Se yon sèl eksplikasyon ki genyen pou sakrifis Bondye fè pou nou an. Pa gen anyen nan nou ki te ka fè nou merite anyen nan men Bondye. Se yon bagay gratis li ye. Sakrifis Jezi a se pa yon repons ak valè nou. Se pa paske nou gen valè ki fè Bondye fè yon sakrifis ki gen valè pou nou. Se pito valè enfini pa Bondye ki anvayi nou annabondans. An rezime, men

sa lanmou diven an ye: se yon pasyon ki pouse Bondye fè tout sa Li konnen, Li peye gwo pri pou Li chame yon bann pechè ki pa merite sa, konsa pou L ka plen kè nou ak lajwa padan tout letènite; kè kontan ekstrèm sa a ap gen kòm baz li, laglwa enfini Bondye.



# KISA KI KA RIVE SI M PA RENMEN BONDYE ?

*Moun ki mete konfyans yo nan Pitit la, yo gen lavi ki pap janm fini an. Moun ki desobeyi Pitit la, yo pap gen lavi sa a. Se kòlè Bondye k ap tonbe sou yo. - Jan 3:36*

*Aprè sa, L ap voye yo resevwa chatiman ki pap janm fini an. Men, pou moun ki te fè byen yo, y ap antre nan lavi ki pap janm fini an. - Matye 25:46*

*Chatiman moun sa yo, se disparèt y ap disparèt yo pou tout tan. Y ap wete yo devan Seyè a, y ap voye yo jete byen lwen pou yo pa janm resevwa pa yo nan pouvwa Seyè a ak nan lwanj y ap fè pou Li a. - 2 Tesalonik 1: 9*

LÈ la vi a woz devan je nou, lè kè nou kontan, nou pa vle menm panse ak Lanmò. Zafè mouri ka pase nan lespri nou lè nou nan soufrans ke nou sanble pa ka sipòte. Lè sa rive konsa, se pa paske nou ta renmen mouri vre; men se soulajman nou ta renmen jwenn. Nou ta renmen moman kè kontan an tounen ankò. Nou ta renmen doulè a ale fè wout li. Nou vle lavi; nou vle kè kontan.

Se nan jwèt n ap pase tèt nou lè nou imajine lanmò kòm nivo ki pi wo pou yon vi n ap byen viv. Lanmò se toujou yon enmi li ye pou nou. Li koupe kontak nou ak tout bèl plezi ki genyen nan mond sa a. Nou di Lanmò “vini non cheri” paske soufrans lan twò di. Bouro sa a ki delivre denye “Kout Gras” pandan nap soufri pa akonpli rèv nou, men li mete fen nan rèv nou. Rèv nan tout kè moun, se viv ak kè kontan. Se Bondye menm ki fè nou fason sa a. “Li mete nan kè moun lanvi pou yo konnen sa ki gen pou rive demen” (Eklezyas 3: 11). Nou kreye nan imaj Bondye, e Bondye renmen la vi e Li vivan pou toutan. Li te kreye nou pou nou viv pou toutan. E nou menm ki se kretyen n ap gen pou nou viv pou toutan. Kontrè la vi etènèl se pa eliminasyon, se lanfè. Lè Labib pale de lanmò etènèl la, sa pa vle di ke se

elimine Bondye pra l elimine nèt moun ki pa sove yo. Lamò etènèl pa vle di moun ki pa sove a pap egziste ankò. L ap toujou egziste. Men se nan lanfè l ap ye. Jezi, nan ansèyman Li yo, rann sa klè kou dlo kòk: Lè yon moun rejte la vi etènèl ke Li bay tout moun nan, rezilta a se pa yon destriksyon total li ye ; men se yon vi nan mizè ke l ap gen pou l al viv, paske kòlè Bondye pra l sou li pandan tout letènite: ”Moun ki mete konfyans yo nan Pitit la, yo gen lavi ki pap janm fini an. Moun ki desobeyi Pitit la, yo pap gen lavi sa a. Se kòlè Bondye k ap tonbe sou yo” (Jan 3: 36). E sa a ap rete pou toutan.

Jezi di : «L ap voye yo resevwa chatiman ki p’ap janm fini an. Men, pou moun ki te fè byen yo, y ap antre nan lavi ki pap janm fini an.” (Matye 25: 46). Se yon reyalite; ou pa ka eksplike kòman ke se yon mal san parèy sa ye lòske ou meprize Bondye. Se sa ki fè Jezi mete nou an gad, « Si se yon grenn je nou ki pou ta fè nou peche, rache l jete. Li pi bon pou antre nan wayòm Bondye ak yon sèl grenn je pase pou ta gen tou de je ou epi se nan lanfè pou yo ta jete ou, kote vè ki pra l mòde w yo pap janm mouri epi dife ki pra l boule w la pap janm etenn (Mak 9: 47, 48).

La vi etènèl se pa yon ekstansyon de la vi n ap viv sou tè a ki gen ladann lapenn ak kè kontan. Menm jan lanfè se pi move rezilta la vi sa a, se menm jan an tou, "la vi etènèl" se pi bon rezilta la vi sa a. Se yon jwa k ap san parèy kote pap gen peche ak tristès ankò. Tout sa ki pa bon ak sa ki ka fè moun mal nan vye kreyasyon andomaje sa a, pra l elimine. Tout sa ki bon, tout sa ki ka bay la pè ak la jwa pou toutan Bondye ap prezève yo, pirifye yo epi rann yo pi gran dyoz pou nou.

Nou pra l transfòme pou n ka atenn dimansyon kè kontan ke nou pa t ap janm ka eksperimante pandan nou nan la vi sa a. "Bagay pesonn pa tap janm wè, ni pa tap janm tandè, bagay ankenn moun pa tap janm mete nan tèt yo, se sa Bondye te pare pou moun ki renmen Li." (1 Korentyen 2:9). Se yon bagay ki vrè a chak moman nan la vi sa a jodi a epi toutan Pou sila yo ki kwè nan Kris la, tout sa ki miyò pou yo se bagay k ap vini. Nou gen pou nou wè ak de je nou glwa Bondye ki satisfè tout bagay. "Lavi ki pap janm fini an, se pou yo konnen Ou, Ou menm ki sèl Bondye tout bon an, ansanm ak moun ou voye a: Jezikri." (Jan 17: 3). Kris soufri e Li mouri. Poukisa nou pa anbrase Li kòm trezò nou epi viv la vi nou?

# KÒMAN MWEN KA RENMEN YON BONDYE KI PÈMÈT TOUT MAL SA YO RIVE?

*Nou te moute konplo pou fè m mal.  
Men Bondye fè sa tounen yon byen*  
- Jenèz 50: 20

*Se sa menm ki rive nan lavil sa a lè Ewòd  
ak Pons Pilat mete tèt yo ansanm ak moun  
lòt nasyon yo ak tout moun pèp Izrayèl  
la sou do Jèzi, sèvitè ki tap viv pou ou a,  
moun ou te chwazi a. Yo fè tou sa ou menm,  
nan tout pouvwa ou ak pwòp volonte w,  
ou te deside davans ki jan pou sa te fèt la.*  
- Travay 4: 27, 28

*Gen bagay nou pa konnen, se bagay  
Bondye kenbe nan kè L pou Li menm.*  
- Detewonòm 29: 29

**Pi** gwo bagay nou te ka di konsènan soufrans ak zafè mal la ki nan mond nou an, sèke Bondye pase atravè Jezi pou Li antre nan soufrans lan epi fè li tounen byen. Sous mal la oubyen orijin mal la rete vlope nan yon mistè. Volonte ke Bondye bay lèzòm, se sa ki mistè a. Pa gen eksplikasyon klè sou zafè yon kreyati san fot ki chwazi tonbe nan peché. Mistè sa a gen yon lòt non ankò se souverènte Bondye. De (2) mistè sa yo fè ke gen yon seri kesyon ke nou pa ka reponn. Bib la pa mennen nou lwen kote nou ta vle rive nan kiryozi nou. Okontrè li di nou “Gen bagay nou pa konnen, se bagay Bondye kenbe nan kè L pou Li menm” (Detewonòm 29: 29).

Bib la ak relijyon kretyèn nan pa yon eksplikasyon, yon repons ak orijin mal la, li la pou montre nou kòman Bondye foure kò Li nan nwayo mal la epi Li eklate l pou L fè l tounen yon byen. Se konsa sa fèt nan tout istwa ki rakonte nan Bib la. Nou ka pran kòm ekzanp Jozèf ke frè l yo te vann nan Eksklavaj nan peyi Lejip; misye te sanble yon moun ki abandone pandan 17 lane. Bondye foure kò Li nan sa frè yo te fè li a pou li ka vinn tounen gouvènè nan peyi Lejip, konsa nan tan grangou

pou l te ka touye vè nan vant frè sa yo ki pat vle wè li a. Istwa Jozèf la fini ak yon deklarasyon ke Jozèf li menm fè pou li di frè li yo, "Nou te monte konplo pou fè m mal. Men Bondye fè sa tounen yon byen" (Jenèz 50:20). Sa a se yon imaj de Jezikri ke yo te abandone yon fason pou Li te ka sove lèzòm.

Ann fè yon ti tounen sou istwa zansèt Jezi yo. Te gen yon tan se Bondye ki te sèl wa nan peyi Izrayèl. Men pèp la te rive yon moman yo rejte Bondye kòm wa, yo mande se lèzòm parèy yo ki pou wa. "Non! Se yon wa nou vle pou gouvènen nou." (1 Samyèl 8: 19). Men aprè sa yo menm ankò te regrèt sa yo te fè a, "Paske nou mete sou peche nou te fè deja yo, lè nou te mande yon wa pou gouvènen nou." (1 Samyèl 12: 19). Men Bondye te gen tan foure kò Li anndan mal sa yo fè a pou Li ka fè yon byen sòti ladann. Se nan zafè wa sa a li vini ak Kris ki pran nesans nan fanmi wa sa yo. Sovè a ki fèt san peche a, ki vini pou sove pechè yo, soti apati de yon peche pèp la te komèt.

Kris chwazi kite mal ak soufrans pase sou fyèl Li pou Li ka pote viktwa sou mal ak soufrans pou toutan. Tout move

tretman oubyen trayizon ke lòm te fè Jezi sibi, Li pat merite sibi yo, se te peche epi mal. Men Bondye foure kò Li nan tout ti mal sa yo pou Li fè byen. Bib la di “Yo te lage nonm sa a nan men nou, jan Bondye te vle l la, dapre plan Li te deja fè nan tèt Li.” (Travay 2:23). Kout rigwaz nan do Li, kouwòn sou tèt Li, krache nan figi Li, kalòt nan machwè Li, fawouch chèf yo t ap ba Li, trayizon zanmi Li yo, mawonaj disip Li yo, tout sa yo se rezilta peche. Bondye sèvi ak tout pou Li detwi pisans peche a. “Se sa menm ki rive nan lavil sa a lè Ewòd ak Pons Pilat mete tèt yo ansanm ak moun lòt nasyon yo ak tout moun pèp Izrayèl la sou do Jezi, sèvitè ki t ap viv pou ou a, moun ou te chwazi a. Yo fè tou sa ou menm, nan tout pouvwa ou ak pwòp volonte W, ou te deside davans ki pou te fèt la.” (Travay 4:27-28).

Pa gen pi gwo peche pase sa, pou yon moun rayi epi touye Pitit Bondye a. Pa te gen pi gwo soufrans pase soufrans Jezi te pran an. Pa gen inosan ki pi inosan pase Jezi. Poutan, Bondye foure kò Li nan tout. “Se te volonte Bondye pou yo te kraze L anba soufrans konsa.” Ezayi 53: 10). Bondye sèvi ak mal la epi soufrans



la pou Li detwi mal la ak soufrans lan.  
"Avèk tout kou Li te resevwa yo, li ban  
nou gerizon. " (Ezayi 53:5). Èske ou pa  
wè ke Bondye vle montre ke pa gen peche  
ki gwo ke Bondye pa ka fè tounen byen  
ki pou pote lajwa pandan tout letènite?  
Menm Soufrans sa a ke lèzòm fé Jesi subi,  
vinn tounen espwa salu pou nou tout.  
"Jezì di: Papa, padonnen yo. Yo pa konnen  
sa y ap fè." (Lik 23:24)



# POUKISA TOUT BAGAY SANTRE SOU BONDYE?

*Paske, Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, Li pap janm mouri ankò. Li menm ki t ap mache dwat devan Bondye, Li mouri pou moun ki pa t ap mache dwat yo, pou L te ka mennen nou bay Bondye.*  
**- 1 Pyè 3:18**

*Men kounye a, nan Jezikri, nou menm ki yon lè t ap viv lwen Bondye, nou vinn toupre L, gremesi san Kris la ki koule lè Li mouri pou nou an -* **Efèzyen 2:13**

*Lè sa a, map tounen vinn bò lotèl Bondye a, Bondye ki fè kè m kontan an -* **Sòm 43: 4**

**LÈ** tout bagay finn di, lè tout bagay finn fèt, se Bondye menm ki Levanjil la. Levanjil vle di bòn nouvèl. Relijyon kretyèn nan se nouvèl li ye, avan tou. Se pa teyoloji li ye avan. Se tankou lè yon bann prizonye tandè, nan you radyo, ke alye yo gentan ateri deja epi liberasyon yo se yon kesyon de tan. Kounye a lòt solda enmi k ap veye prizonye sa yo wè kè yo kontan; y ap poze tèt yo kesyon: « Poukisa prizonye yo kontan konsa? »

Men kisa ki pi enpòtan nan bòn nouvèl sa a? Tout bòn nouvèl la konsantre sou yon sèl pèsonaj: sou Bondye limenm menm. Tout mo ki nan bòn nouvèl sa a mennen bay Bondye, san pa sa se pa yon bon levanjil. Ann pran ekzanp sa yo:

“Sali” se pa yon bòn nouvèl si sèlman se sove li sove nou de lanfè san li pa mennen nou bay Bondye.

“Padon” se pa you bòn nouvèl si sèlman se debarase li debarase nou de fot nou yo, san li pa mennen nou bay Bondye.

“Jistifikasyon” se pa you bòn nouvèl si sèlman se legalman li fè nou akseptab nan je Bondye, san li pa mennen nou nan yon relasyon etwat ak Bondye.

“Redanmsyon” se pa you bòn nouvèl

si sèlman se libere li libere nou anba sa ki mare nou, san li pa mennen nou bay Bondye.

“Adopsyon” se pa you bòn nouvèl si se mete li mete w sèlman nan fanmiy bondye, san li pa mennen w nan bra Bondye kòm piti Li tout bon.

Sa n ap di la a se pa yon jwèt. Anpil moun sanble aksepte Levanjil la san yo pa aksepte Bondye. Pa gen anyen ki montre tou bon vre ke kè nou chanje, jis paske nou vle chape lanfè. Zafè chape anba lanfè sa a se yon dezi natirèl, se pa yon dezi sinatirèl. Yon moun pa bezwen gen yon nouvo kè pou li ta renmen benefisye soulajman sikolojik ke l padone, oubyen pou l chape anba chatiman Bondye, oubyen eritye wayòm Bondye. Tout bagay sa yo ke nou site la yo se bagay moun ka konprann san li pa bezwen sibi okenn chanjman espi-ryèl. Ou pa bezwen fèt yon lòt fwa pou w vle bagay sa yo; demon yo ta renmen sa yo tou.

Se pa anyen mal si yon moun vle benefisye bagay sa yo. Okontrè, fò ou pa ta gen bon sans pou pa ta vle yo. Men sa ki montre ke nou chanje tout bon vre, sèke nou vle tout bagay sa yo paske yo mennen

nou nan rejwisans Bondye. Sa se bagay ki pi enpòtan ke Jesi mouri pou li. "Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, li pap janm mouri ankò. Li menm ki tap mache dwat devan Bondye, Li mouri pou moun ki pa tap mache dwat yo, pou L te ka mennen yo bay Bondye." (1 Pyè 3:18).

Poukisa sa se baz Levanjil la? Se paske nou te kreye pou nou eksperimante yon jwa total san fen pandan n ap kontanple epi savoure glwa Bondye. Si pi gwo kè kontan nou sòti nan bagay ki san valè, nou vinn tounen moun k ap adore zidòl. Lè sa a nou dezonore Bondye. Li kreye nou nan fason sa, pou glwa li ka manifeste nan kè kontan nou. Levanjil Kris la se bòn nouvèl ki montre ke Bondye bay la vi Pitit Li a yon fason pou mete anplas tout sa ki nesèsè pou chame nou, pou ogmante jwa nou, yon jwa ki pap janm fini.

Byen lontan avan Kris te vini, Bondye revele tèt li antanke sous plezi dirab epi konplè tou. "W ap fè m konnen chemen ki bay lavi a. Paske ou la avè m, mwen pa manke kontan. Bò kote w, Seyè, se yon plezi ki pap janm fini" (Sòm 16: 11). Aprè sa li voye Kris vinn soufri pou nou, pou Li

ka mennen nou ba Li. Sa vle di Li voye Kris pou L kondwi nou nan kè kontan ki pi pwofon, pi dirab ke yon moun ka eksperimante. Tande envitasyon an: « Vire do bay plezi peche nou yo ki la pou you ti tan (Ebre 11: 25) epi vini pran plezi ki pap janm fini an ». Vinn jwenn Kris.Kris.





# KISA TOUT BAGAY SA YO VLE DI POU MWEN ?

*M ap ekri nou lèt sa a, nou menm ki kwè nan Pitit Bondye a pou nou ka konnen nou gen lavi ki pap janm fini an. - 1 Jan 5:13*

*Yon moun ki koute pawòl mwen, ki mete konfyans nan moun ki voye m nan, l ap gen lavi ki pap janm fini an. Yo pap kondannen li. Li deja soti nan lanmò, li antre nan lavi. - Jan 5:24*

*Chanje lavi nou, tounen vinn jwenn Bondye pou L ka efase peche nou yo. - Travay 3:1*

*Rete fèm nan renmen nou gen pou Bondye a, pandan n ap tann Seyè nou, Jezikri, k ap vinn ban nou lavi ki pap fini an paske Li gen pitye pou nou. - Jid 1:21*

## **Bondye te kreye nou pou glwa Li**

*Kite pitit gason m yo tounen soti byen lwen.  
Kite pitit fi m yo tounen soti toupatou  
sou latè,.... Se Mwen menm ki kreye  
yo pou yo ka sèvi yon lwanj pou Mwen.*  
**- Ezayi 43:6, 7**

Bondye te kreye nou pou nou mayifye grandè Li menm jan teleskòp yo mayifye zetwal yo. Li kreye nou pou nou agrandi bonte li, verite li, bote li, sajès li epi jistis li. Pi gwo agrandisman nou ka fè de lglwa Bondye sòti nan plezi pwofon ki genyen nan tout sa Bondye ye nan limenm. Kisa sa vle di ke Bondye Jwen glwa epi nou jwen plezi. Bondye jwen plis glwa nan nou lè nou plis satisfè nan Li, se pou sa Li te kreye nou.

---

## **Tout moun dwe viv pou glwa Bondye**

*Se sa k fè, kit n ap manje, kit n ap bwè,  
nenpòt sa n ap fè, fè l pou sa sèvi yon lwanj  
pou Bondye. - 1Korentyen 10:31*

Si Bondye kreye nou pou glwa Li, li klè ke nou dwe viv pou glwa Li. Travay nou sòti nan sa Bondye te dezinye nou pou nou fè. Konsa, premyè travay nou, se pou nou montre valè Bondye, lè nou satisfè de tout sa Li ye pou nou. Se sa ki baz lanmou w pou Bondye (Matye 22: 37) epi fè 1 konfyans (1 Jan 5: 3, 4) epi se pou nou rekonesan anvè Li (Sòm 100: 2-4). Se sa a ki rasin tout vrè obeyisans, espesyalman lè w renmen pwochen w (Kòlòs 1: 4, 5).

---

## **Nou tout rate glorifye Bondye jan nou ta dwe fè l la**

*Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a. - Ròm 3:23*

Ki sa vèsè sa a vle di “Vire do bay Bondye ki gen pouvwa a?” Sa vle di ke pa gen youn nan nou ki fè Bondye konfyans epi bay Bondye valè fason nou te dwe fè l la. Nou pa satisfè de grandè Li, e nou pa mache nan chemen Li . Nou chache satisfaksyon nou nan lòt bagay epi nou bay bagay sa yo plis valè ke Bondye. Sa a se baz oubyen rasinn idolatri menm (Ròm 1:

21-23). Depi lè peche finn antre nan mond lan, nou tout nou vinn ap reziste pou nou pa aksepte Bondye kòm trezò ki ka satisfè tout bezwen nou yo (Efèz 2:3). Sa a se yon ofans ki revòltan fas ak grandè Bondye (Jeremi 2: 12, 13).

---

## **Nou tout nou anba kondanasyon Bondye.**

### *Salè peche se lanmò - Women 6: 23*

Nou tout desann valè glwa Bondye. Nan ki fason? Lòske nou bay lòt bagay plis enpòtans pase Bondye. Lòske nou ingra anvè Li; lè nou pa fè l konfyans ak lè nou ap viv nan dezobeyisans. Donk, Bondye jis lè Li fèmen pòt Li sou nou, pou nou pa jwi glwa li pou toutan. “Chatiman moun sa yo, se disparèt y ap disparèt yo pou tout tan. Y ap wete yo devan Seyè a, ap voye yo jete byen lwen pou yo pa janm resevwa pa yo nan pouvwa Seyè a ak nan lwanj yap fè pou Li a.” (2 Tesalonik 1: 9).

Nou jwenn mo “lanfè” nan Nouvo Kontra a 12 fwa. 11 landan yo se Jezi menm ki dil ' Lanfè se you bagay reyèl, se pa predikatè san espwa e kolerik ki kreye l. Se yon avètisman solanèl ki sòti nan bouch Pitit

Bondye a ki te mouri pou delivre nou anba malediksyon sa a. Se gwo risk yon moun ta pran pou l inyore verite sa a. Si Bib la te kanpe la, nan analiz li sou kondizyon lèzòm, nou tout t ap kondane ak yon demen san espwa. Erezman se pa sou pwèn sa a Bib la kanpe. Li kontinye toujou.

---

## **Bondye voye sèl Pitit Li a pou L ka bay lavi etènèl ak kè kontan**

*Jezi te vini sou latè pou delivre moun k ap fè peche. - 1 Timote 1: 15*

Bòn nouvèl la sèke Jezi mouri pou pechè tankou nou. Epi Li resisite fizikman pou L ka valide pisans salvatris ki nan lanmò Li a epi Li ouvè pòt lavi etènèl ak pòt lajwa a (1 Korentyen 15: 20). Sa vle di Bondye ka libere pechè yo pandan ke Li toujou rete Jis (Ròm 3: 25,26). "Paske, Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, Li pap janm mouri ankò. Li menm ki t ap mache dwat devan Bondye, Li mouri pou moun ki pa t ap mache dwat yo, pou L te ka mennen nou bay Bondye." (1 Pyè 3: 18). Tounen lakay vinn jwenn Bondye, se la tout gwo satisfaksyon dirab rete.

## **Benefis ke lanmò Kris la genyen yo se pou moun ki repanti epi ki kwè nan Li**

*Mete konfyans ou nan Seyè Jezi, epi w va delivre. - Travay 16:31*

“Repanti” vle di detounen w de tout vye pwomès san fondman ke nati peche a ap fè w. “La fwa” vle di satisfè ak tout sa Bondye promèt la nan Jezi. “Jezi di yo: Se Mwen Menm pen ki bay lavi a. Moun ki vinn jwenn Mwen pap janm grangou; moun ki kwè nan Mwen pap janm swaf dlo.” (Jan 6:35). Zafè sove a se pa yon bagay nou travay pou li. Nou pa merite li (Women 4: 4, 5). Se gras Bondye fè nou pa lafwa (Efezyen 2: 8, 9). Se yon kado gratis (Women 3: 24). N ap ka genyen li si nou cheri li, ba l plis valè pase tout lòt bagay (Matye 13: 44). Lè nou fè sa konsa, plan Bondye pou kreyasyon an akonpli. Lè sa a L ap jwenn glwa nan nou; nou menm n ap jwenn satisfaksyon nan Li pou toutan.

# KISA MWEN DWE FÈ?

*Antan Jezi t ap soti pou Li al fè wout Li, yon nonm kouri vini. Li lage kò l ajenou devan Jezi, li mande Li: Bon Mèt, kisa pou m fè pou m resevwa lavi ki pap janm fini an?*

**- Mak 10: 17**

*Li lage kò l atè nan pye Pòl ak Silas. Li t ap tranble kou yon fèy bwa tèlman li te pè, li mande yo: Mesye, kisa m dwe fè pou m delivre?*

**- Travay 16:29, 30**

*Vire do bay tout vye asirans ou te genyen nan lachè. Envoke Jezi pou L delivre w anba kilpablite w, anba kondanasyon ak sa ki mare w. "Nenpòt moun ki rele non Met la gen pou jwenn delivrans. - Women 10:13*

Kòmanse mete lafwa w nan tout sa Bondye ye pou ou nan Jezi.

Demantibile pisans vye asirans lachè yo pa mwayen la fwa ou genyen nan satisfaksyon siperyè w ap jwenn nan pwomès Bondye yo.

Kòmanse li Bib la pou w ka dekouvi tout gwo ak bèl pwomès, ki ka ba ou liberasyon (2 Pyè 1: 3, 4).

Cache yon legliz ki kwè nan Bib la epi kòmanse adore. Cache grandi ak lòt moun ou wè ki pran Jezi kòm trezò yo sou tèt tout lòt bagay (Filipyen 3: 7)

---

**Èske ou konnen ke Bondye pase ou lòd menm pou ou gen lajwa nan kè w?**

*Fè sèvis pou Seyè a ak kè kontan! Vini non!  
Fè fèt devan Li! - Sòm 100:2*

*Si se nan Seyè a ou pran tout plezi w, L va ba ou tou sa ou ta renmen. - Sòm 37:4*

Nouvèl ki pi bon ki gen nan mond lan sèke pa gen kontradiksyon ant valè kè kontan ou te ka genyen ak sentete Bondye. Lòske ou satisfè avèk tout sa Bondye vo pou ou nan Jezi, sa ap fè Bondye parèt kòm pi gwo trezò ki ka ba ou plis jwa pou tout letènite; jwa ki pap janm kaba; jwa ke w pa ka jwenn nan okenn plezi ki ekziste.



*“W va fè m konnen chemen ki bay lavi  
a. Paske Ou la avè m, mwen pa manke  
kontan. Bò kote W, Seyè, se yon plezi ki pap  
janm fini.” - Sòm 16:11*




# LÒT LIV JOHN PIPER EKRI KE NOU MANDE OU POU LI

Pasyon Jezikri  
Wè epi goute Jezikri  
Pa gaspiye lavi w  
Gen dezi pou Bondye  
Lè mwen pa gen dezi pou Bondye  
Goute epi Wè  
Bondye se Levanjil la  
Gras ki gen pou vini an





Si ou ta vle gen yon lis konplè, souple vizite [www.desiringGod.org](http://www.desiringGod.org).

Crossway Books, se yon ministè ki pibliye « Bòn Nouvèl ». Li ban nou pèmisyon, nan ti liv sa a, pou nou itilize seleksyon ki sòti nan Pasyon Jezikri ke John Piper ekri. Souple vizite yo nan [www.crossway.com](http://www.crossway.com).

# REKOMANDASYON YO



# REKOMANDASYON YO



# DESIRING GOD

« Desiring God » ekziste pou li pwopaje yon pasyon pou Bondye siprèm nan, nan tout bagay pou byennèt tout pèp atravè Jezikri. Nou ekziste pou fè kè w kontan, paske Bondye ap jwenn plis glwa nan nou, se lè nou jwenn plis satisfaksyon nan Li. N ap mande w souple pou w vizite sit wèb nou an pou w ka jwenn anpil dokiman ke Pastè John Piper ekri. Ou pap peye pou sa. Resous sa yo se liv, CD, DVD, mesaj, atik, kourikoulòm konsènan leson lekòl dominikal pou ti moun ak anpil lòt matyè ankò.

Desiring God  
PO Box 2901,  
Minneapolis, MN 55402  
Toll Free: 1.888.346.4700  
Web : [www.desiringGod.org](http://www.desiringGod.org)



## **WWW.DESIRINGGOD.ORG**

On our website you will find hundreds of resources and products to help you find your joy in God. In our resource library you will find hundreds of sermons, articles, online books, biographies, seminars, and other resources to read, listen, and watch—all without charge. In our store you will find all of John Piper's books and many CD albums, MP3s, and DVDs of his messages available for purchase.

# BAY SA W KAPAB

“Desiring God” pa egziste pou fè lajan. Wòl nou se gaye Levanjil la toupatou. Se poutèt sa menm ou wè nou mete tout resous nou yo sou entènèt kote w ap kapab itilize yo ak yon ti monnen. Menm si nou pa mande anpil kòb, men toujou gen moun ki pa genyen posiblite pou benefisye sèvis nou yo. Akòz zanmi sa yo ki pa kapab yo, nou mete sou pye yon sistèm ki rele « Bay Sa W Kapab ». Sa vle di n ap aksepte nenpòt sa yon moun ka bay; menm si sa l bay la pa vo anyen. L ap fè nou kontan pou nou bay san kontrent sa ke nou resevwa san kontrent (Matye 10: 8). Anplis de sa, nou pa vle di tou, pou lajan ta tounen yon baryè sou wout Levanjil Kris la (1 Korentyen 9: 12). Konsa, si ou ta renmen genyen kopi yon liv oubyen yon resous odyo pwogram nou genyen yo epi ou limite akòz lajan, ou pa bezwen wont! Sèlman kontakte nou; fè nou konnen sa ou vle epi n ap byen kontan pou nou satisfè demand ou a.

# OTÈ A

« John Piper » se yon pastè ki responsab ministè predikasyon nan Legliz Batis Betleyèm nan Minnesota. Misye te grandi nan Greenville, nan zòn Sid Carolin, epi li te etidye nan inivèsite Wheaton, kote li te premye santi ke Bondye rele l pou l antre nan ministè. Li te kontinye dekwoche diplòm nan Seminè Teyolojik Fuller (B. D.) ak nan inivèsite Munich (D. Tewol). Pandan 6 lane, li te ansenye Labib nan inivèsite Betèl nan Sen Pòl, Minnesota, epi nan lane 1980, li te aksepte travay kòm pastè nan Betleyèm. Li ekri anpil liv, predikasyon li yo fè pati pwogram « Desiring God » ki pase chak jou sou radyo. Li menm ak madanm li Noel gen 4 pitit gason ak yon pitit fi, epi yo genyen yon latriye pitit pitit k ap vinn pi plis chak jou.